

AVI ELEKSYON ESPESYAL POU PÒS SENA ETA, DISTRIK 40

ALÒSKE, Gouvènè Eta Florid la, konfòmeman ak Seksyon 100.101 ak 100.141, Lwa Florid, dapre pouvwa ki envesti nan li, mande pou yon Eleksyon Espesyal fêt pou ranpli pòs vid Sena Eta, Distrik 40, epitou li mande pou yon Eleksyon Espesyal fêt pou deziyen kandida pati politik rekoni yo, epi

ALÒSKE, dat yo pou Eleksyon Primè Espesyal ak Eleksyon Espesyal sila yo te etabli pa Gouvènè a jan sa ekri pi ba la a:

Eleksyon Primè Espesyal: 25 jiyè 2017

Eleksyon Espesyal: 26 septanm 2017

ALÒSKE, Seksyon 100.141, Lwa Florid yo, mete an plas pou ke Sekretè Deta a etabli dat pou kandida yo kalifye pou Eleksyon Primè Espesyal ak Eleksyon Espesyal sila yo epi pou etabli dat pou kandida yo depoze rapò kanpay yo, epi

ALÒSKE, kandida ki vle kalifye pa metòd petisyon an fêt pou jwenn siyati valid nan kantite sa a:

716 siyati valid

ALÒSKE, petisyon pou kandida k ap kalifye pa metòd petisyon an fêt pou soumèt bay sipèvizè eleksyon nan konte kote siyati yo te rasable an pa pita ke 5:00 p.m., 24 me 2017 la, konsa sipèvizè eleksyon an va kapab verifye siyati yo ak sètifye rezulta yo epi soumèt yo bay Divizyon Eleksyon pa pita ke 5:00 p.m., 26 me 2017. Frè kalifikasyon yo pou kandida ki pap kalifye pa metòd petisyon an se:

Patizan yon Pati Politik: \$1,781.82

San Pati Politik: \$1,187.88

ENSIDONK, mwen, KEN DETZNER, Sekretè Deta Florid, isiba fikse ak deklare ke dat pou kandida yo kapab kalifye pou Eleksyon Espesyal an kestyon an va fêt de 8:00 a.m., jou 30 me 2017, rive Midi, 31 me 2017, epi dat pou kandida yo depoze rapò kanpay yo se:

| <u>Rapò</u> | <u>Dat Limit</u> | <u>Dat Rapò an Kouvri</u> |
|--------------------|-------------------------|--|
| SF1 | 12 jen 2017 | Dat deziyasyon an te soumèt – 8 jen 2017 |
| SF2 | 21 jiyè 2017 | 9 jen 2017 – 20 jiyè 2017 |
| SG1 | 23 dawout 2017 | 21 jiyè 2017 – 18 dawout 2017 |
| SG2 | 22 septanm 2017 | 19 dawout 2017 – 21 septanm 2017 |

Kandida yo dwe soumèt yon rapò final nan lespas 90 jou apre ke yo te rete san opozisyon, te elimine, oswa eli.



ENSKRI pa men mwen ak Gran So Eta Florid, nan Tallahassee, Kapitòl la, 8yèm jou mwad me 2017.

A handwritten signature in black ink, appearing to read "Ken Detzner".

SEKRETÈ DETA